



Tembung Garba lan Tembung Entar

Tembung garba

1. Bima nyirami **kembang** ing plataran.
kembang = sekar
2. Tari lara **mata** merga klilipen.
mata = perangan awak kanggo ndeleng/nyawang
3. **Tangane** sing kecethit dipijetake.
tangan = perangan awak sing kanggo gumlawat

Tembung entar

1. Asri dadi **kembang desa** ing desaku.
kembang desa = pepujaning priya
2. **Matane ijo** nalika weruh dhuwit.
matane ijo = seneng
3. Ngati-ati bocah kae **dawa tangane**.
dawa tangane = seneng colong jupuk/clemer

1. Wenehana aksara (G) ukara sing ngemu surasa garba lan aksara (E) ukara sing ngemu surasa entar!

Tuladha: Niken kuwi landhep pikire, saben lomba mesthi juwara. (E)
Tanganku kena peso landhep nganti metu getihe. (G)

- a. Pejabat sing korupsi dadi kembang lambe warga. ()
- b. Sing putih iki jenenge kembang menur. ()
- c. Kupinge abang amarga dijewer bapakne. ()
- d. Omonganmu sing nylekit kuwi gawe abang kupingku. ()
- e. Wong nggegem tangan wae kuwi adoh rejekine. ()
- f. Tangane nggegem-nggegem kaya arep ngantem. ()
- g. Ati sekilo disambel goreng lombok ijo. ()
- h. Aja sok gawe lara atine wong liya, ora becik. ()
- i. Bocah kok tipis lambene, apa-apa dicatur. ()
- j. Tari lambene tipis, yen mbenges katon ayu. ()